# KONTE CAROLINE
## KAN DETE




# OLENPIK 2021

Caroline County
Recreation and Parks
Bringing the Community Together

Caroline County
PUBLIC SCHOOLS
GROWING THE ESSENTIALS FOR LEARNING

Pandan Kan Dete ane 2021 nou an, nou pral apiye nou sou Je Olenpik yo epi pral asosye espò ansanm ak kiltiepi edikasyon. Kanpis yo pral fè jefò pou yo atenn nivo **EKSELANS** pèsonèl lan epi aprann gen **RESPÈ** pou tèt yo epi lòt moun atravè fair play ansank ak disiplin espòtif lan. Etandone Je Olenpik lan rasanble atlèt ki gen atravè lemond, Jounen Olenpik nou yo pral fè kanpis yo jwenn ak zanmi yo ankò tandiske l ap pèmèt yo fè nouvo **ZANMI** pandan konpetisyon an!










**KILÈ** **LENDI RIVE JEDI, 21 JEN – 29 JIYÈ**
P ap gen kan dete nan lendi 5 jiyè a Dejene a ap kòmanse apati 8: 45 am. Aktivite yo kòmanse apati 9 a.m.- pou rive 3 p.m
*Se Pwogram Sèvis Alimantè Ete USDA a k ap bay ni manje maten ak manje midi.*

AYMPI N C

**Tout kan dete yo pral òganize pwòp Jounen Olenpik yo. Pral gen enfòmasyon ki disponib nan Fòmasyon y ap fè pou**

**KI KOTE** Lekòl Primè Denton, Ridgely, Federalsburg, ak Preston
**Remak:** Paske y ap konstwi Lekòl Primè reensboro a, elèv yo pral patisipe nan kan an nan Lekòl Primè Ridgely a oswa Lekòl Primè Denton lan selon adrès yo.
*Tanpri tcheke nan ki lekòl piti ou an ye a sou fòm enskripsyon an*

**LAJ** Rantre nan Kindergarten-rantre nan 6yèm ane

N ap bay **BIS TRANSPÒ** pou tout kanpis ki ta renmen itilize li. Ou ta dwe jwenn estasyon bis lan nan Konte Caroline. Nan fòmasyon ki obligatwa pou paran yo swiv lan n ap bay enfòmasyon sou bis lan.

# SIS SEMÈN AP PRAN PLEZI EPI APRANN SAN PRAN SOUF!

**Paran oblije vini nan Rankont Fòmasyon y ap fè pou Paran yo. Verifye detay ki anba la yo.**

Gen yon pwofesè oswa pwofesyonèl swen sante ki chwazi pitit ou an pou li patisipe nan Gwo Kan Dete k ap fèt lan. Plas yo limite pnan kan sa yo. **Menm lè w p ap peye pou pitit ou an paske se refere yo refere li, ou toujou oblije patisipe nan fòmasyon y ap fè pou paran yo.**

Ou pral resevwa yon kat postal k ap di yo chwazi pitit ou an pou pwogram lan asanm ak dat rankont yo.

Yo pral respekte machaswiv ak pwotokòl sekirite CDC genyen kounya la.

*Se plizyè sibvansyon lokal, eta ak federal ki finanse yon pati nan kan sa yo. Gras ak kontribyab (moun ki peye taks) nou yo, Komisè Konte yo, Gouvènè Larry Hogan, ak Asanble Lejislatif Eta, k Palmantè, kan sa a rive fèt gratis pou fanmi kanpis yo. San finansman sa a gen anpil paran nan Konte Caroline ki pa ta p kapab pastisipe nan kan sa yo.*

# ANREJISTREMAN POU GWO KAN DETE

**Lekòl pitit mwen an se:**

- ☐ Denton
- ☐ Greensboro
- ☐ Federalsburg
- ☐ Preston
- ☐ Ridgely

Caroline County PUBLIC SCHOOLS
GROWING THE ESSENTIALS FOR LEARNING

Caroline County Recreation and Parks
Bringing the Community Together

## ENFÒMASYON SOU KANPIS LAN

| | | | |
|---|---|---|---|
| Non | | | |
| Adrès Postal | | | |
| Vil | Eta | Kòd Postal | Telefòn |
| Dat Nesans / Laj | Sèks | Idantifikasyon Elèv lan/Repa (6 chif) | |
| Ras ☐ Blan ☐ Nwa ☐ Azyatik/Moun Zile Pasifik ☐ Awayen Natif Natal ☐ Ameriken ☐ Endyen/Alaskyen | | Etnisite ☐ Pa Ispanik ☐ Ispanik ☐ Ayisyen | |
| | | Klas nan moman an | |

## ENFÒMASYON KONSÈNAN PARAN/RESPONSAB LEGAL

| | |
|---|---|
| Paran ki Granmoum/Responsab Legal | |
| Telefòn Lakay | Telefòn Selilè |
| Imèl | Telefòn Travay |

## ENFÒMASYON MEDIKAL—OU DWE RANPLI

Doktè Swen Prensipal ak lòt pwofesyonèl swen medikal: | Telefòn

Pou kanpis ki abite aktyèlman swa Ozetazini, nan yon Teritwa peyi Etazini, oswa nan Distri Columbia:
Èske kanpis lan gen yon bagay ki di li pa dwe pran vaksen an paske li gen yon paran oswa responsab legal ki opoze ak vaksinasyon an oswa yon preskripsyon medikal?

☐ Non ☐ Wi, enimere:

Èske gen yon medikaman, restriksyon alimantè, alèji, oswa bezwen espesyal nou dwe konnen pou nou rasire nou pitit ou a fè yon bon eksperyans ak kan an? ☐ Non ☐ Wi, eksplike:

Èske gen yon pwoblèm sante tankou pwoblèm fizik, sikyatrik, oswa konpòtmantal nou dwe okouran?

☐ Non ☐ Wi, eksplike:

Èske pitit ou an genyen yon plan IEP oswa 504? ☐ Wi ☐ Non

**Èske pitit ou bezwen yon aranjman pou li patisipe?**

☐ Non ☐ Wi, eksplike:

Siyati Paran oswa Responsab Legal la | Dat

Voye fòm anrestreman an retounen nan lekòl pitit ou an oswa nan imèl sou ccrpsummercamp@carolinemd.org.

MARYLAND STATE DEPARTMENT OF EDUCATION — PREPARING WORLD CLASS STUDENTS

THE GREAT SEAL OF CAROLINE COUNTY IN MARYLAND 1773

Maryland 21st Century Community Learning Centers — Soaring Beyond Expectations

*Se plizyè sibvansyon lokal, eta ak federal ki finanse yon pati nan kan sa yo. Gras ak kontribyab (moun ki peye taks) nou yo, Komisè Konte yo, Gouvènè Larry Hogan, ak Asanble Lejislatif Eta, k Palmantè, kan sa a rive fèt gratis pou fanmi kanpis yo. San finansman sa a gen anpil paran nan Konte Caroline ki pa ta p kapab pastisipe nan kan sa yo.*

## ENFÒMASYON SOU PWEN RASANBLEMAN AN/RANVWA A

☐ Se nan (write complete address) pitit mwen konn kanpe pou li pran bis:
*Si pandan ane lekòl lan gen yon entèseksyon oswa pwen kolektif yo konn pase pran pitit ou an, tanpri fè nou konnen ki kote. Fòk adrès lan nan Konte Caroline lan. Ou pa kapab chanje estasyon bis apre Premye (1) jen 2021. Paran yo, akoz sitiyasyon riral Konte Caroline lan, trajè bis yo kapab dire jiska inèdtan.*

☐ Mwen pral depoze epi pase pran pitit mwen an è pwogram lan fini

☐ Mwen otorize pitit mwen pou li rantre lakay li pou kont li. (laj 8)

**DE MOUN KI GEN OTORIZASYON POU VIN PRAN PITIT OU AN/KONTAK IJANS (PA NAN LIS KI DEVAN AN)**
Tanpri non moun yo ak relasyon pitit ou an gen ak tout moun ou otorize ki pou vin chèche pitit ou an. Estaf Lwazi ak Pak lan pral mande moun sa a yon kat idantite ak foto avan yo ba li pitit ou an pou ale ak li. Non ki sou kat idantite a dwe koresponn ak non ki anba la. **PRAL MANDE YON KAT IDANTITE AK FOTO.**

| Non | Telefòn Lakay | Telefòn Selilè |
|---|---|---|
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |

**Deklarasyon sou non Diskriminasyon**
Selon politik Depatman Edikasyon Eta Maryland lan, pwogram sa a pa fè diskriminasyon sou baz laj, zansèt, koulè, kwayans, idantite ak ekspresyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, eta sivil, andikap, orijin nasyonal, ras, relijyon, sèks, oswa oryantasyon seksyèl nan kesyon travay oswa aksè ak pwogram yo.

**Renonsyasyon ak Piblikasyon** Tanpri tcheke tibwat ki apwopriye a:

Mwen aksepte ☐ / mwen pa aksepte ☐ bay nòt pitit mwen an, jan li patisipe, ak enfòmasyon sou konpòtman li bay Caroline Recreation & Parks ak òganis ki asosye ak li yo pou fè evalyasyon pou pwogram lan. Mwen konprann enfòmasyon sa ap pral rete sekrè.

☐ Mwen dakò pou mwen respekte tout règleman ak politik yo ak respekte prensip patisipasyon yo, espri espòtif ak fair play.

☐ Mwen rekonèt tou enfòmasyon medikal mwen bay pi wo a kòrèk epi mwen konprann mwen pran tout angajman ki genyen pou tout depans medikal ki dwe fèt paske pitit mwen an blese pandan l ap patisipe nan aktivite a/pwogram lan epi mwen pa gen okenn reklamasyon pou mwen fè kont pwogram lan, oswa dirijan Depatman Lwazi ak Pak yo pou domaj oswa pèt ki gen rapò ak blesi sa yo.

**PIBLIKASYON FOTO:** Mwen bay ☐ / mwen pa bay ☐ pou Caroline County Recreation & Parks fè foto pitit mwen an epi itilize foto sa a/oswa istwa sa yo pou fè piblisite ak pwojè Lwazi ak Pak Konte Caroline lan ni nan medya sou papye ak medya sosyal.

☐ Mwen rekonèt enfòmasyon sou sansibilizasyon ki gen rapò ak chòk serebral yo te disponib pou mwen sou sitwèb CDC a nan www. cdc.gov/concussion epi mwen te revize li.

☐ Mwen rekonèt paske w ap patisipe nan yon aktivite lwazi oswa pwogram Caroline County Recreation and Parks òganize, kèk risk ak danje kapab prezante; tankou, men pa limite ak sa sèlman, moun ki asosye avèk kèk aktivite jeneralman; danje ki genyen nan deplasman sou otowout piblik yo, aksidan, maladi, ak fòs lanati. An echanj ak dwa pou patisipe nan pwogram Lwazi ak Pak yo ak an echanj ak lòt aranjman Komisyonè Konte Caroline lan te fè pou pitit mwen an nan Depatman Rekreyasyon ak Pak yo pou li jwenn manje, deplasman, ak lwazi, mwen fè sa, nan non mwen ak nan non erityе mwen yo, ekzekitè, administratè, epi paske mwen gendwa mwen pran tout responsabilite tout risk yo site anwo yo, epi mwen libere, egzante, ak pwoteje Komisyonè Konte Caroline lan ak tout ajan li yo, ofisye, ak anplwaye yo kont pouswit poutèt blesi oswa moun ki mouri oswa pèt pwopriyete ki ka rive oswa ki ka lakòz pitit mwen an pa patisipe nan aktivite pwogram yo site anwo a. Epitou mwen retire tout responsabilite sou Konte Caroline lan ak tout anplwaye li yo si pitit mwen an ta blese nan wout pandan li nan bis lan. Yon lòt kote mwen bay otorizasyon pou yon doktè aji an ijans pou bay pitit mwen an swen nan nenpòt sikonstans mwen pa kapab gentan rive.

**Mwen te li epi konprann Règleman Pwogram lan, Renonsyasyon ak Liberasyon yo.**

______________________________ ______________
Siyati paran Dat